



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN 5 MILYON DOLA POU EDE VIKTIM AGRESYON SEKSYÈL AK VYOLANS DOMESTIK YO

Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la ap fè Patenarya ak Inivèsite Eta New York la pou yo Agrandi Pwogram Valiz Konfò “Ou Ka Konte Sou SUNY an”

Investisman an pral Lakoz Distribisyon 225,000 Valiz Konfò ki gen ladan yo Pwodwi Swen Pèsonèl yo ak Enfòmasyon sou Sèvis ki Disponib pou Viktim yo tankou Pwofesyonèl Medikal, Pwogram Sant Èd pou Viktim Vyòl yo ak Refij pou Viktim Vyolans Domestik yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 5 milyon dola finansman y ap bay atravè Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services) eta a ki pral pèmèt Inivèsite Eta New York la (University of New York, SUNY) apwovizyone ak distribiye 225,000 valiz konfò bay viktim agresyon seksyèl ak vyolans domestik k ap chache èd nan lopital, refij ak sant èd pou viktim vyòl atravè eta a yo. Finansman an pral kontinye epi agrandi pwogram “Ou Ka Konte Sou SUNY an”, (SUNY'S Got Your Back) ki deja distribiye apeprè 25,000 valiz bay viktim toupatou atravè eta a yo pandan twazan ki sot pase yo -- chak valiz yo gen ladan pwodwi swen pèsonèl esansyèl yo ak enfòmasyon enpòtan sou sèvis ki disponib pou yo.

“Patenarya inik sa a te pote sipò pou anpil dizèn milye viktim pandan l ap etann sansibilizasyon sou agresyon seksyèl ak vyolans domestik sou kanpis SUNY yo toupatou atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk investisman adisyonèl sa ki pral ranfòse inisyativ sa a, nou ka kontinye ede sivivan yo pandan n ap travay pou nou mete fen a sik agresyon ak vyolans seksyèl ki tèlman afekte anpil Nouyòkè”.

“Valiz sa yo ofri sivivan sa yo yon ti kras konfò imedya pandan yon moman ki enkwayabman estresan”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Pi enpòtan ankò, toutfwa, valiz sa yo gen ladan yo enfòmasyon viktim yo ka itilize pou yo jwenn sipò, sekirite epi rive jwenn sèvis ki ka ede yo rekipere yo akoutèm ak alontèm”.

Biwo Sèvis pou Viktim lan ap ofri finansman pou SUNY pandan twazan apati de lajan yo te resevwa atravè Lwa Federal pou Pwoteksyon Viktim Krim lan yo (Victims of Crime Act). Finansman an pral pèmèt SUNY achte pwovizyon pou yo mete nan valiz yo epi kowòdone volontè ki soti toupatou atravè eta pou ranpli yo, ki gen pami manm kò

pwofesoral, anplwaye ak etidyan ki nan chak nan 64 kanpis li yo. Biwo Sèvis pou Viktim lan pral travay ak SUNY pou yo fòme patenarya ak òganizasyon ki ede popilasyon defavorize yo, pami yo kominote Lesbyèn, Homoseksyèl, Biseksyèl, Transeksyèl, Moun ki pa Sèten ki Sèks yo ye ak Entèsèks yo (LGBTQI+), moun ki gen andikap ak sanzabri yo, pou yo ka patisipe nan pwogram lan ki gen objektif pou yo fè sansibilizasyon sou resous pou tout viktim yo.

SUNY pral itilize finansman tou pou yo devlope yon done debaz distribisyon ki pral ede valiz yo rive atenn pwogram èd pou viktim vyòl yo, refij vyolans domestik yo, ak lopital yo, epi kolekte enfòmasyon ki paka idantifye yo pèsònèlman - tankou sèks yo, laj yo, ras ak etnisite yo - pou kontwòle kiyès ki ap resevwa valiz yo epi idantifye kote viktim yo pa gen ase sèvis yo. Patenarya sa a pral ajoute sou siksè lwa “Enough is Enough” (Sètase) New York la, ke Gouvènè Cuomo te pwomouvwa an 2015 lan epi se lwa ki pi solid nan nasyon an pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis inivèsite yo.

Gouvènè Adjwen Hochul te anonse patenarya sa a aprèmidi a nan Sant Medikal SUNY Downstate la (SUNY Downstate Medical Center) nan Brooklyn. Lè l t ap fè anons lan, Gouvènè Adjwen an te ankouraje viktim agresyon seksyèl yo pou yo chache resevwa swen medikal san delè tou pou pwoteje byennèt fizik ak emosyonèl yo, kèlkeswa si yo santi yo prè pou yo rapòte krim lan nan lapolis ou pa.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki te pwolonje peryòd tan yo ka konsève twous koleksyon evidans enfraksyon seksyèl la yo nan lopital yo soti pandan 30 jou rive 20 tan, sa k ap ofri viktim yo tan ak espas pou yo rekipere yo avan yo deside kontakte otorite yo.

Chak valiz konfò gen pwodwi ijyenik pèsònèl esansyèl ladan yo pou ede viktim yo pran swen tèt yo -- savon, yon bwòs dan ak pat, yon peny ak dezodoran -- yon plim, yon kalpen, yon tiboul anti-estrès ak yon mesaj afimasyon yon volontè ekri pou yo. Trèz enpòtan, valiz yo gen ladan tou enfòmasyon sou sèvis sipò ki disponib yo ak materyèl edikatif ki vize alète viktim yo sou dwa lalwa eta a garanti yo. Lè nou mobilize èd pou ede etidyan yo pou yo ranpli valiz yo, pwogram lan pral ede fè sansibilizasyon sou agresyon seksyèl ak vyolans domestik sou kanpis SUNY an yo tou.

Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare, “Antanke yon ajans, nou pran angajman pou nou ede tout viktim krim inosan yo, espesyalman sila yo ki soti nan popilasyon tipikman defavorize yo. Patenarya sa a ofri nou yon trè bèl opòtinite pou nou non sèlman ofri soulajman akoutèm pou viktim agresyon seksyèl ak vyolans entèpèsònèl yo, men tou pou nou fè pase mesaj ke gen anpil pwogram ak divès fòm sipò ki disponib pou yo ka vin sivivan”.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Pwogramasyon edikatif SUNY pou prevansyon vyolans seksyèl ak entèpèsònèl sou kanpis nou yo te vin tounen yon modèl nasyonal pou inivèsite toupatou atravè nasyon an. Pwogram ‘Ou Ka Konte Sou SUNY an’ se yon fason pou agrandi efè nou genyen odela de mi kanpis nou yo. Pandan 28 mwa ki sot pase yo, SUNY te ranpli epi bay 25,000 valiz konfò pou sivivan vyolans seksyèl ak entèpèsònèl ki nan lopital, refij, ak nan sant èd pou viktim vyòl yo. Nou rekonesan anvè Biwo Sèvis pou Viktim lan pou patenarya sa yo kontinye kenbe a ak

paske yo bay sibvansyon jenere k ap ogmante sevis yo nan fason konsideb pou kominote sa nan pwosesis rekiperasyon yo a.”

Kowòdonatè Tit IX SUNY an te lanse pwogram lan an 2016 an patenarya ak kowalisasyon eta kont vyolans domestik ak agresyon seksyèl la, ak Lapolis Eta New York la. Yo te agrandi inisyativ la ane pase avèk yon don 10,000 dola PGA TOUR te bay, ki te rekrite volontè tou pou ede ranpli valiz yo pandan tounwa gòlf yo a nan Long Island. Patisipasyon PGA TOUR la te kontinye nan tounwa 2017 la epi ankò mwa pase a, lè volontè ki soti nan ajans eta yo ak nan Biwo Gouvènè a te ede ranpli apeprè 5,000 valiz nan konpetisyon yo an ki t ap fèt nan Endicott.

Manm Kongrè Nita Lowey te deklare, “Agresyon seksyèl ap toumante sosyete nou an, epi gen plis enfraksyon ankò k ap kontinye fè sifas jou aprè jou. Nan moman ki se petèt moman yo gen pi gran bezwen, viktim agresyon seksyèl yo merite yo trete yo ak anpil respè, epi yo dwe bay yo sipò ak resous yo bezwen apre ensidan. Valiz konfò sa yo gen potansyèl pou yo fè yon vrè diferans nan lavi yon moun. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap finanse inisyativ sa a epi paske li leve kanpe pou sipòte fanm yo ak viktim agresyon seksyèl ak vyolans domestik toupatou atravè New York yo.”

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare, “New York te montre byen klè ke nou p ap tolere agresyon seksyèl ak vyolans domestik, epi anba lidèchip Gouvènè a, nou ap fè anpil pwogrè pou nou kontinye ofri resous ak sèvis k ap ede sivivan nan kat kwen eta sa a. SUNY te fè yon travay eksepsyonèl nan fason yo edike etidyan yo epi transfòme kominote inivèsite yo pou yo pi byen reyalize pwogram ki plante sansibilizasyon anndan tout popilasyon yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap investi nan efò sa yo epi paske l kanpe ak sivivan tout kote.”

Manm Kongrè Grace Meng te deklare, “Viktim agresyon seksyèl ak vyolans domestik yo souvan santi yo pèdi, yo pa konnen kote pou yo jwenn èd. Valiz konfò sa yo ofri plis pase pwodwi twalèt yo selman—ki esansyèl pou moun ki pa gen opsyon pou yo retounen nan konfò lakay yo—yo ofri tou enfòmasyon enpòtan pou ede viktim yo pandan y ap chache rekonstwi lavi yo. Mwen felisite Gouvènè a paske li atribiye fon eta yo pou sipòte yon investisman louwab konsa, epi paske l ap goumen pou egalite ak pou dwa fanm New York la yo.”

Kowòdonatè Pwojè SUNY a, Joseph Storch te deklare, “Lè nou te konsevwa pwogram sa a, nou te tabli objektif pou nou ranpli 2,016 valiz nan ane 2016 la. Men avèk lidèchip etidyan nou yo, Kowòdonatè Tit IX la yo, ak anpil kanpis ak patnè kominotè yo, pwogram Ou Ka Konte Sou SUNY an te depase tout atant. Sipò ak konfyans Biwo Sèvis pou Viktim lan ofri nan kad efò pou sipòte agrandisman SUNY ap fè nan pwogram sa a ranpli nou ak imilite epi nou atann pou nou travay anvè yon New York kote valiz konfò pou sivivan vyolans yo pa nesesè ankò.”

Prezidan Sant Medikal SUNY Downstate la, Doktè Wayne J. Riley te deklare, “Antanke pwofesyonèl medikal, nou konprann faktè anviwòmantal yo souvan rann li difisil pou viktim vyolans domestik ak agresyon seksyèl yo resevwa èd yo bezwen. Nan SUNY Downstate, nou pran responsabilite nou oserye lè nou konekte avèk popilasyon inik nou an nan yon fason ki ankouraje yon kominote sekirite ki an sante. Sipò Gouvènè Adjwen Hochul ak Rektris Johnson lan enpòtan anpil pou nou

asire ke SUNY Downstate ka edike manm kominote nou an yo epi responsabilize yo pou yo chache èd yo bezwen. Mwen felisite pledwaye Gouvènè Cuomo te fè onon viktim vyolans domestik ak agresyon seksyèl yo.”

Vyolans domestik rive alafwa nan gwo ak ti kominote e li afekte Nouyòkè yo nan tout oryantasyon lavi a. An 2017, yo te rapòte plis pase 23,000 viktim vyolans patnè entim nan Vil New York, epi yo te rapòte apeprè 30,000 nan konte andeyò rejyon metwopolitèn lan yo. Tribinal Eta New York la yo te antre plis pase 183,000 òdonans pwoteksyon nan Rejis Vyolans Domestik la (Domestic Violence Registry) ane pase; apeprè 49,000 ladan yo te vin òdonans pwoteksyon final. Liy asistans vyolans domestik ak agresyon seksyèl nan Eta New York la yo te resevwa plis pase 369,000 apèl ane pase sèlman.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik la, Gwen Wright te deklare, “Ofri viktim vyolans domestik ak agresyon seksyèl yo nenpòt ti mezi sipò se yon premye etap ki enpòtan anpil anvan pwosesis rekiperasyon ak sivivans yo. Pwogram sa a ka ede ofri sipò pandan y ap fè sansibilizasyon sou pwoblèm sa yo ak efè devastatè yo genyen sou tout moun, fanmi, ak kominote yo. Patenarya nou genyen ak SUNY an reprezante repons kolaboratè yo bay vyolans domestik ak agresyon seksyèl toupatou atravè eta a epi l ap mete aksan sou angajman Gouvènè Cuomo kontinye pran pou l priyoreze sekirite tout Nouyòkè yo.”

Gouvènè Cuomo te mete pwoteksyon viktim vyolans domestik ak agresyon seksyèl yo kòm yon priyorete pandan dire manda li a. New York te adopte lejislasyon pou retire zam nan men moun ki komèt vyolans domestik yo, sa k ap elimine yon vid ki gen nan lwa eta a lè yo garanti ke moun yo kondane poutèt enfraksyon ki gen rapò avèk vyolans domestik yo remèt tout zam afe yo, pa sèlman revòlve yo.

Gouvènè a te lanse tou yon revizyon sou tout ti inivèsite ak gran inivèsite toupatou atravè eta a yo pou asire ke yo satisfè obligasyon lalwa preskri yo pou yo pwoteje etidyan yo kont agresyon seksyèl, vyolans nan relasyon amourez yo, vyolans domestik ak asèlman. Yo te konplete revizyon an ane pase, yo te jwenn ke majorite kanpis nan eta yo te konsiderabman konfòm ak egzijans lwa “Enough is Enough” a.

Ane pase, Gouvènè a [te anonse](#) ke gen prèske 6.5 milyon dola sibvansyon yo mete disponib pou sibvansyone 55 pwogram sèvis èd pou viktim vyòl ak prevansyon kont agresyon seksyèl eta a apwouve yo ki sou direksyon lopital, òganizasyon san bi likratif yo ak ajans gouvènmantral toupatou atravè eta a yo. Sibvansyon yo te finanse yon bann seri pwogram ki la deja, tankou liy asistans ki disponib 24 sou 24 pou ofri èd nan sitiyasyon kriz, konsèy nan sitiyasyon kriz, terapi pou twomatis, referans pou sèvis sipò pou viktim yo ansanm ak fanmi yo, fòmasyon pou defansè yo, akonpayman pou viktim yo al nan tribinal ak pledwaye jistis kriminèl.

An 2016, pa twò lontan apre inisyativ “Ou Ka Konte Sou SUNY an” te kòmanse, Gouvènè a [te anonse](#) yon patenarya ant PGA tour ak SUNY ki repann toupatou atravè eta pou sipòte viktim agresyon yo atravè pwogram lan. Patenarya a te pèmèt yo ranpli 5,000 valiz konfò, ak 9,000 valiz ototal nan lespas kèk mwa operasyon inisyativ lan.

Liy Asistans Eta New York pou Vyolans Domestik ak Seksyèl (New York State Domestic & Sexual Violence Hotline) ([1-800-942-6906](tel:1-800-942-6906)) ofri èd ak enfòmasyon 24 sou 24, an anglè, an espanyòl ak nan lòt lang ankò. Moun ki soud yo oswa ki pa tande byen yo ka rele 711. Eta New York la te sipòte ak finanse pwogram kominotè yo tou pou ede viktim vyolans domestik ak vyolans seksyèl ak viktim lòt krim yo pami yo [Resous pou Vyolans Domestik la \(Domestic Violence Resources\)](#), ki se yon rezo [pwogram asistans pou viktim yo](#) ke [Biwo Sèvis pou Viktim](#) eta a te finanse, ak [Resous pou Repons a Agresyon Seksyèl ak Vyolans yo \(Sexual Assault and Violence Response, SAVR\)](#)—ki se yon resous multiling SUNY te kreye pou sipòte etidyan SUNY yo ak nenpòt Nouyòkè ki bezwen enfòmasyon ak sipò.

Biwo Sèvis pou Viktim lan ofri yon rezo sekirite pou viktim krim yo ak/oswa manm fanmi yo, konpanse moun ki kalifye yo pou depans medikal ak pou depans sipò sikolojik yo, depans finere ak antèman yo, pèt salè yo ak sipò, anplis de lòt asistans ankò, tout sa yo p ap koute kontribiyab yo anyen. Ajans lan te finanse tou 222 pwogram asistans pou viktim ki ofri yo sèvis dirèk, ki gen ladan sipò sikolojik, sèvis pledwaye, ak sèvis legal, toupatou atravè eta a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou liy direktis yo ak kote w ka jwenn yon pwogram asistans pou viktim, vizite www.ovs.ny.gov oswa rele [1-800-247-8035](tel:1-800-247-8035).

State University of New York la se pi gwo sistèm ansèyman siperyè konplè nan peyi Etazini, ak 64 kanpis kolèj ak inivèsite ki sitiye nan anviwon 48 kilomèt chak kay, lekòl ak biznis nan eta a. Etidyan ak pwofesè SUNY toupatou atravè eta a yo pote anpil kontribisyon konsiderab nan rechèch ak dekouvèt ki lakoz prèske 1 milya dola nan aktivite finansman esponsò ekstèn chak ane. Genyen 3 milyon ansyen elèv SUNY nan lemond epi youn nan chak twa moun nan New York ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)